



Pou Piblikasyon Imedya: 03/09/2025

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE 200 MILYON DOLA NAN SIBVANSYON KI DISPONIB POU POGRAM REVITALIZASYON ANBALAVIL LA AK PWOGRAM NY FORWARD LA

De gwo pwogram pou revitalizasyon anba lavil ak devlopman ekonomik Eta a te bay 1.2 milya dola nan finansman bay 151 kominote

Pou resevwa finansman DRI oswa NY Forward, lokalite yo dwe swa gen yon lèt entansyon yo soumèt oswa yo dwe sètifye an favè lojman anvan aplikasyon an, epi yo dwe sètifye konplètman anvan anons prim yo

Dènye dat limit pou soumèt aplikasyon yo se 7 novanm 2025 a 4:00 p.m. atravè pòtay CFA a

Gouvènè Hochul te anonse jodi a ke 200 milyon dola nan finansman disponib atravè de gwo pwogram revitalizasyon ak devlopman ekonomik anba lavil Eta a — 100 milyon dola yo chak pou Faz 9 nan Inisyativ Revitalizasyon Anba Lavil (Downtown Revitalization Initiative, DRI) la ak Faz 4 nan pwogram NY Forward la, ki konsantre sou revitalizasyon anba lavil ki pi piti ak anba lavil riral yo. Ansanm, de pwogram yo te bay 1.2 milya dola nan finansman bay 151 kominote atravè chak rejyon nan eta a. Aplikasyon yo disponib atravè Pòtay Aplikasyon Finansman Konsolide (Consolidated Funding Application, CFA) Eta a. Dat limit pou aplike a se 7 novanm 2025 a 4:00 p.m. Dat limit pou kominote Vil Nouyòk yo soumèt aplikasyon yo nan biwo Prezidan Minisipalite yo a se 31 oktòb 2025.

"Soti nan sant vil ki gen anpil aktivite rive nan ti vilaj riral yo, chak kominote bezwen e merite opòtinite pou yo pwospere", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Atravè Inisyativ Revitalizasyon Anba Lavil la ak pwogram NY Forward la, n ap fè investisman transfòmateur ki pa sèlman ranfòse ekonomi lokal nou yo, men tou ki kreye sant vil vibran e kote moun ka mache apye pou plizyè jenerasyon ka viv, travay epi jwe. Avèk nouvo wonn finansman sa a, n ap kontinye bati sou siksè plis pase 150 kominote ki deja ap travay pou transfòme vizyon yo pou revitalizasyon an vin reyalize."

Sekretè Deta Walter T. Mosley, te deklare, "Inisyativ Revitalizasyon Anba Lavil ak Pwogram NY Forward la bay kominote yo zouti ak resous yo bezwen pou reyimajine avni yo epi pou yo mennen chanjman enpòtan. Lè yo konbine investisman enpòtan ak

planifikasyon entelijan pa kominote a e pou kominote a, pwogram sa yo bay rezilta reyèl ki amelyore kalite lavi rezidan yo, atire nouvo biznis epi ankouraje plis investisman prive. Nou ankouraje tout kominote, kèlkeswa jan yo piti, pou yo aplike pou nou ka ede reyalize vizyon yo."

Nan Bidjè Ane Fiskal 2025 Eta a yo adopte a, Gouvènè Hochul te fè deziyasyon "Kominote An Favè Lojman" yon kondisyon pou vil ak vilaj yo jwenn aksè a pwogram diskresyonè Eta yo, ki gen ladan DRI ak NY Forward. Lokalite ki sètifye yo gen aksè eksklizif a jiska 750 milyon dola nan finansman Eta, ki gen ladan yon fon Pro-Housing Supply 100 milyon dola ke Gouvènè Hochul te kreye pou ede ak pwojè enfrastruktik kritik ki nesèsè pou kreye nouvo lojman, tankou amelyorasyon enfrastruktik egou ak dlo. Jiska prezan, plis pase 350 minisipalite atravè Eta a te vin sètifye An Favè Lojman.

Direktè Egzekitif Jeneral ak Komisè Empire State Development Ian, Hope Knight, te deklare, "Inisyativ Revitalizasyon Anba Vil la ak NY Forward yo esansyèl nan efò kontinyèl Gouvènè Hochul pou rebay sant vil yo ak bouk yo lavi atravè eta a. Dènye faz investisman sibler sa a pral sipòte pwojè ki gen kalite siperyè, ki akse sou kominote a, ki pral benefisye ti biznis yo, ankouraje kwasans ekonomik epi kreye sant vil ki pi vibran kote moun vle viv, travay ak jwe pou jenerasyon k ap vini yo."

Komisè Biwo Renouvèlman Kay ak Kominote Eta Nouyòk la, RuthAnne Visnauskas, te deklare "Mwen ankouraje tout moun ki kalifye pou yo aplike pou 200 milyon dola ki disponib atravè pwogram devlopman ekonomik prensipal Nouyòk yo. Lè Gouvènè Hochul enjekte resous DRI ak NY Forward dirèkteman nan kominote ki demontre yon angajman anvan lojman ak yon kwasans ekilibre ak byen reflechi, li ouvri pòt pou yon nouvo jenerasyon devlopman ki pral sèvi An Favè Lojman sa yo, biznis yo, lari prensipal yo, ansanm ak rezidan yo alavni. Mwen fyè de wòl HCR ap jwe nan pwogram sa a ki chanje tout bagay epi mwen konnen ke, ansanm ak patnè nou yo, nou pral ede chanjman benefik ak pworesif nan vil yo, bouk yo ak vilaj yo atravè eta a."

Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral Otorite Rechèch ak Devlopman Enèji Eta Nouyòk la, Doreen M. Harris, te deklare, "Revitalize kominote iben ak riral ki nan sant vil yo atravè eta a se yon opòtinite pou transfòme bilding ki pi ansyen pou yo tounen espas polivalan konfòtab, dirab epi ki efikas an enèji. NYSERDA fyè pou li kontribye nan efò vital sa yo k ap fòme katye vibran e ki favorab pou pyeton nan Nouyòk, tout pandan y ap ankouraje mòd vi ki pi an sante epi mete yon fondasyon solid pou kwasans ekonomik alontèm."

Inisyativ Revitalizasyon Anba Lavil

[Inisyativ Revitalizasyon Anba Lavil la](#) te lanse an 2016 pou akselere epi ankouraje revitalizasyon anba lavil yo ak katye yo nan tout dis rejyon eta a pou sèvi kòm sant aktivite epi katalizè pou plis investisman lokal. Dirije pa Depatman Deta, kominote DRI yo benefisye patenarya ak asistans teknik kowòdone, Depatman Renouvèlman Lojman ak Kominote (Department of Housing and Community Renewal, HCR), Empire State Development (ESD) ak Otorite Rechèch ak Devlopman Enèji Eta Nouyòk (New York State Energy Research & Development Authority, NYSERDA) ofri. DRI reprezante yon

estrategi "planifye-pou-aji" ki inovan e san presedan, ki asosye planifikasyon estratejik ansanm ak yon egzekisyon imedya ak kontinyèl. Pou Faz 9 DRI, yo pral aksepte aplikasyon ansanm de a twa kominote vwazen nan menm rejyon REDC a ak yon sèl vizyon inifye.

Jiska dat, DRI deja bay yon total 900 milyon dola pou 91 kominote nan sèt premye faz li yo epi li envesti nan kreyasyon plis pase 4,500 nouvo inite lojman. Yo estime ke chak dola ki envesti nan DRI a jenere 3 dola nan investisman adisyonèl pandan revitalizasyon an ap akselere epi pwojè yo ap fini. Efè katalizè sa a pral kontinye byen apre kominote DRI ak NY Forward yo fini tout pwojè pa yo.

NY Forward

Premye anonse nan kad bidjè 2022 a, Gouvènè Hochul te kreye pwogram [NY Forward](#) la pou konstwi sou siksè DRI a. Pwogram inovan an, ki finanse atravè 100 milyon dola nan bidjè Eta ki te adopte ane sa a, sipòte yon rekiperasyon anba lavil ki pi ekitab pou kominote ki pi piti ak riral Nouyòk yo ak yon konsantrasyon sou ti lokalite ak vilaj yo. NY Forward vle di sèvi pi piti kominote yo ak sipòte ekonomi lokal yo ki souvan gen yon santiman ak cham ki diferan de pi gwo sant iben metwopolitèn ki finanse atravè DRI. Jiska dat, NY Forward deja bay yon total 300 milyon dola pou 60 kominote nan twa faz.

Menm jan ak DRI, DOS ak yon konsiltan ke yo deziyen pral travay avèk kominote NY Forward yo atravè yon pwosesis planifikasyon ak asistans teknik pou devlope yon seri pwojè ki fasil pou enpleman. NY Forward diferan, sepandan, lè li bay asistans teknik endividyèl nan men konsiltan yo pou ede kominote yo devlope aplikasyon konplè pa yo epi pandan tout pwosesis aplikasyon an. NY Forward ofri tou de prim 4.5 milyon dola pou chak rejyon. Lè nou rekonèt echèl inik ak dansite katye Vil Nouyòk yo, finansman NY Forward Vil Nouyòk la ap konbine avèk finansman DRI NYC pou pèmèt yon prim DRI 20 milyon dola.

Yo dekri davantaj resanblans ak diferans ki genyen ant pwogram DRI ak NY Forward nan yon bwochi edikatif, ki disponib sou sitwèb [DRI](#) ak [NY Forward](#) yo.

###

Lèt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta Nouyòk | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418
Enskri pou w jwenn mizajou Biwo Gouvènè a: ny.gov/signup | Voye tèks NEW YORK bay 81336

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)